

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Saenyana sisindiran pinuh ku ajén karakter/étnopédagogik téa. Aya udagan nu nyamuni dina sisindiran nu dibungkus banyol/dihaleuangkeun. Aya amanat nu hayang ditepikeun ka turunan/ka masarakat sacara jembar. Tapi tétéla teu siga méré paréntah “kudu” atawa “menggurui” nyaéta ku hal tadi téa. Sisindiran dianggap seni upama dihaleuangkeun atawa digalantangkeun. Tapi téksna angger miboga udagan nu tangtu tur pinuh ku ajén. Dina sisindiran, boh basa kasar boh basa lemes, nu ngadéngé moal kasindir atawa kasigeung ku eusi sisindiran sabab nu jadi lantaran ngalisankeunna. Di dieu, sastra nu dibungkus ku seni atawa téks nu dihaja diasupkeun ajén-ajén nu dianggap perlu utamana ngeunaan ajén étnopédagogik jeung sawangan hirup urang Sunda, nu tétéla ari étnopédagogik téh cikal bakal tina kaaripan lokal. Antukna dina sisindiran tangtu aya sawangan hirup masarakat nu makéna tur aya ajén étnopédagogik (tina kaaripan lokal) – na.

Sisindiran nu kapaluruh di Sanggar Seni Gapura Emas aya 127 sisindiran. Kabagi kana tilu tempat jeung tilu sipat. Sisindiran dumasar tempatna, nyaéta 1) sisindiran di sabudeuren sakola, 2) sisindiran di sabudeureun hajat nikahkeun, 3) sisindiran di sabudeureun hajat nyepitan. Sisindiran dumasar sipatna, nyaéta 1) piwuruk, 2) silih asih, jeung 3) sésébréd/banyolan.

Hasil analisis struktur sisindiran, nyoko kana struktur puisi nu ngawengku: (1) imaji, kapanggih lima nyaéta panénjo, pangrunu, pangrasa, pangambeu, panyabak. (2) simbol, kapanggih aya tilu simbol dina sisindiran nyaéta simbol kahirupan, simbol cinta, simbol kaagamaan. (3) musikalitas/wirahma jeung purwakanti, kapanggih aya tilu nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti mindoan kawit, jeung purwakanti mindoan wekas. (4) suasana nu kapanggih aya opat nyaéta suasana serius, bungah, sedih, jeung kuciwa. (5) téma nu kapanggih dina sisindiran nyaéta téma cinta, sosial, agama, jeung atikan. (6) gaya basa nu kapanggih dina sisindiran aya 9, nyaéta gaya basa: ngumpamakeun, mijalma,

ocon, ngasor, raguman hurunan jeung tunggalan, rarahulan, kadalon, ébréhan, silib sinismeu, silib ironi, jeung silib sarkasmeu.

Hasil analisis sawangan hirup urang Sunda, ngawengku opat katégori, nyaéta 1) manusa ka dirina pribadi anu jumlahna aya tilu sisindiran nu nuduhkeun sipat-sipat dina diri pikeun ngahontal kahirupan nu dipikahayang, 2) manusa ka papada manusa nu jumlahna aya 80 sisindiran nu nuduhkeun hal-hal nu jadi dadasar dina laku-lampah sarta peran sosial urang Sunda dina kahirupan di masarakat, 3) manusa ka Pangéran aya 15 sisindiran nu nuduhkeun ngeunaan kapercayaan ka Gusti, kawajiban-kawajiban manusa salaku makhluk Gusti, jeung 4) katégori manusa dina ngahontal kasugemaan lahir aya 29 sisindiran anu nuduhkeun paripolah dina ngahontal hiji tujuan ku cara nu teu ngan sakur mentingkeun kabutuh sorangan.

Hasil analisis ajén étnopédagogik, aya 12 ajén étnopédagogik tina 127 sisindiran, nyaéta 1) ajén ngeunaan kajujuran, 2) ajén atikan dina kahirupan, 3) ajén ngeunaan tanggungjawab, 4) ajén ngeunaan kawajiban, 5) ajén ngeunaan sikep jeung sipat dina kahirupan, 6) ajén ngeunaan kaagaman, 7) ajén ngeunaan silih tulungan, silih ajénan, silih élingan dina kahirupan, 8) ajén ngeunaan kaséhatan, 9) ajén ngeunaan kahirupan pangantén, 10) ajén ngeunaan sikep teu éléhan/keyeng dina kahirupan, 11) ajén ngeunaan kasatiaan, jeung 12) ajén ngeunaan kahirupan nu disepitan.

## 5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan, aya saran nu dirékoméndasikeun ka pihak-pihak nu tangtu, nyaéta: 1) Lembaga Pendidikan, 2) Masarakat, 3) Panalungtik séjén.

Lembaga Pendidikan, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa digunakeun salaku alternatif bahan ajar, salaku bahan babandingan pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran basa Sunda di sakola, utamana dina pangajaran ngeunaan sisindiran. Masarakat, ieu sisindiran mangrupa hasil karya nu asalna ti masarakat. Ku kituna dipiharep masarakat bisa milu ngamumulé ieu kabudayaan sangkan teu leungit. Panalungtik séjén, ieu panalungtikan téh héngkér kénéh, jauh ti sampurna. Ku kituna perlu aya panalungtikan satuluyna nu leuwih jero ngeunaan sisindiran.